

## Yang the Second and her Secret Admirers

### Dezyèm pitit Yang, ak Amoure Sekrè

Nan fen jounen apre a, mwen te kòmanse gen dout sou **konplo** nou te fè a. Koze **kare** Paul ak Dezyèm Sè, te gen dwa tounen yon anbarasman pou Dezyèm Sè.

Gen de fwa Dezyèm Sè te tèlman chagren, mwen te pè fè li mechanste ak yon **fent**. Yon fwa, nou tou twa, Dezyèm Sè, Twazyèm Sè ak mwenmenm te al manje nan yon restoran; Twazyèm Sè te wè zanmi li, li kouri al pale ak yo. Aprè de minit nou te tande yo ap pale epi yo te ap ri.

Dezyèm Sè te chita ak tèt li bese, li te ap bwè yon kola. Ou sèl kou, li te parèt tankou yon moun **abandone**. An Chin, li te gen yon bann zanmi, li tap chita ak yo pou yo pale ak ri. Li te kapab fè zanmi isit tou, men li pito chita lakay ap **plenyen**.

Mwen chache jwenn ak Twazyèm Sè pou mwen te planifye fent lan. Manman te fè manje prefere mwen, mwen pat kapab manje byen, lespri m te okipe ak plan mwen te genyen an. Sou tab manje, Granfrè te mande Dezyèm Sè kòman **demonstrasyon** li te bay lekòl la te pase. Klas li a te ap etidye diferan kalite **divètisman** ki egzite nan plizyè peyi nan le monn. Dezyèm Sè te ofri pou li diskite **opera** an Chin.

Pou li demontre rasin mizik opera an Chin, Dezyèm Sè te jwe yon “*erhu*”, se yon vyolon Chinwa ak de kòd. Dabitid li jwe yon vyolon, men li te pran okazyon sila, pou li te fè klas la tande kòman enstriman mizik chinwa sonnen.

Papa te eksite. “Mwen kontan ou fè sa, nou tèlman ap konsantre nan jwe mizik nan peyi nan Wès, gendefwa nou bliye bon **koutim** mizik Chinwa.”

Granfrè mande: “Eske timoun yo te apresye demonstrasyon nan?”

Dezyèm sè te reponn: “Gen timoun ki te fè grimas ak figi yo, lè son an te pike, men pifò ladan yo te enterese.” Apre sa de twa ladan yo te vini mande pou yo eseye.

Ou lòt moman, Dezyèm Sè te **fwonse** sousi li. Li di: “Ou wè tigason yo rele Paul Eng lan...Li di mwen li pa janm wè enstriman sa a.

Mwen te oblije defann Paul. “Kisa ki etranj nan sa?” Mwen parye ak ou, pi fò moun nan Etazini pa janm wè youn.

Depi kèktan Dezyèm Sè ap itilize mo **eritaj** la. Mwen pa si ki sa li vle di ak pawòl sa. Èske li vle di pou ou chinwa san pou san. Enstriman li jwe a se vyolon. Vyolon se yon enstriman peyi nan Wès. Se poutèt sa li ap mete rad chinwa ak kole monte, ki boutonnen devan. Lèfini, Paul manje manje chinwa tout jounen- Tout fanmi an te ap manje “dim sum” nan Chinatown lòt jou.

Aprè nou fini tande ton **meprizan** Dezyèm Sè te pale de Paul, mwen decide fè yon fent, pou mwen mete yo ansanm tankou de zamoure ki konn nan sinema.

Nan fanmi an, chak moun te gen travay yo. Pandan Dezyèm Sè ap monte eskalye a, pou li al fè antrenman, nou decide kòmanse.

Twazyèm Sè te di tou ba: “Se **touchan**, jan Paul al pale ak Dezyèm Sè lè li te fin fè prezantasyon.” Se pat sa nou te prepare, men li te bon. Mwen eseye reponn ni “Wi, sa dwe te fè Paul mal, Dezyèm Sè pat reponn ni byen.”

Nou rete tou dousman, nou ap tande. Dezyèm Sè pat monte eskalye a nèt, li te rete nan yon mach, pou li tande sa nou te ap di. Li te bezwen tande pi plis.

Mwen lave detwa asyèt, epi mwen rekòmanse pale ankò: “Podyab Paul, gen yon lè mwen te mande l kesyon sou bezbòl, li te eksplike m tout bagay avèk **pasyans**.” Mwen fè yon ti pòz, epi mwen rekòmanse “Aprè sa, Paul gade m ak yon zye twouble, li di mwen, Èske Dezyèm Sè, konn sòti ak tigas--li konn gen **mennaj**.” “Sa bay prèv, li renmen Dezyèm Sè- Mwen te di Paul, Dezyèm Sè pap janm renmen ak yon moun ki pa pale Chinwa.”

Jwen ak Paul pou nou te fè fent la pat fasil. Fanmi pa mwen ak fanmi Paul te sèlman konn rankontre nan lekòl. Mwenmenm, Twazyèm Sè ak Kim te ale nan lekòl elemantè, Paul, Granfrè ak tout Dezyèm Sè te ale nan menm lekòl segondè.

Jou pase, nou te kòmanse **dekouraje**. Pandan vakans Pak, nou te al vizite Mize Syans ak Madan O’Meara. Mize Syans lan gwo anpil, gen yon bann chanm. Nou te sezi wè Paul nan mize a. Nou kouri kache dèyè Paul. Nou kòmanse pale, Kim mande: “Alò kisa ki fè ou panse sè ou renmen Paul?”- Li te **empresyone** sou jan Paul te jwe match lòt jou an...dabitid li pa janm

enterese nan oken espò ameriken... Mwen panse li te renmen tigason ki pale Chinwa sèlman....

Jan nou te ap pale a te oujan **deplorab**--- li pat natirèl. Nou sispann pale paske nou te panse pèsonn pat kabab kwè sa nou te ap di. Paul te ak yon tifi. Nou tou twa te panse se te mennaj li.

Paul te vini pale ak nou e li te prezante nou tifi a—se te sè li. Li tonbe mande nou enfòmasyon sou Yinglan.

Li trè difisil pou ameriken sonje non moun an chinwa. Sete yon bon siy, Paul te sonje non Dezyèm Sè, Sa vle di li te ap pote atansyon depi avan nou te ap eseye fè fent la. Paul te kontinye: “Mwen wè sè ou nan klas matematik”. Twazyèm sè gentan reponn: “Li pa yon ti **bold** non, se paske lekòl an Chin pi avanse nan matematik ke lekòl Ameriken.”

Paul mande m byen vit: “Eske sè ou a konn sòti ak tigason- li pa janm gen mennaj.”

Nou gade lòt—nou ri—Nou fè lòt konpliman – plan fent la te mache.



## Lesson Activities

Kesyon: Panse sou Istwa ou sot li a

Kòman atitid Dezyèm Sè anvè Paul Eng te afekte Twazyèm Sè ak Katriyèm Frè? Bay ekzanp pou sipòte repons.

Kisa otè a montre, lè li fè Paul mande kesyon yo an prese?

Bay detwa ekzanp eritaj Chinwa ou jwenn nan istwa a.

Eske ou panse Yingtao ak sè li te fè byen lè yo te fè fent sa sou Dezyèm Sè?

Kisa ou panse ki ap pase nan istwa?

Pyès teyat:

Pran senk timoun, Fè yo jwe pati istwa kote timoun yo rankontre ak Paul nan mize Syans.

Tradisyon:

Dezyèm Sè te jwe *erhu*, yon vyolon Chinwa ak de kòd. Ki enstriman nou gen an Ayiti gen sanble ak bay menm son ak *erhu*? (bandjo)

# 5<sup>th</sup> grade - Theme 4 - Person to Person

## Yang the Second and Her Secret Admirers

<p>Wondering Wanda®</p> <p>Hm-m-m!</p>		<p><b>EXT. BEACH - DAY</b></p> <p>Dawn breaks, waves pounding the vast empty beach.</p> <p>12 - Making his way amongst the tide line of flotsam and jetsam is a <b>BEACHCOMBER</b>, clad in scruffy shorts, battered sand shoes and a threadbare shirt.</p> <p>He stops, eyes something amongst the rubbish and stoops.</p> <p><b>EXT.</b></p> <p>13 - He holds up what looks to be a bottle. He turns it over in his hands, holds it to his ear and shakes it - listening. Tentatively he tries the cork. It is stuck.</p> <p>He pulls hard on the cork using the full force of his wiry frame.</p> <p><b>BURRRRR!</b> No luck. Exasperated he bites the cork between his teeth and pulls. <b>BURRRRR!!! POP!</b></p> <p>He flies back, the cork arcs through the sky. The bottle falls to the sand.</p> <p>Picking himself up he takes the bottle between his hands. Smoke begins to pour from its neck.</p> <p><b>CUT TO:</b></p>	

5<sup>th</sup> grade - Theme 4 - Person to Person  
Yang the Second and Her Secret Admirers

akonpaye	demonstrasyon	eritaj	eksite
kare	opera	rime	koutim
dim sum (manje chinwa)	gad manje	pozisyon	konplo
baye	pozisyone	ekriti	ame
chagren	restoran	inison	bolid